

Deklarasyon Dwa Kliyan Konsènan Moun ki Prepare Taks

Dapre lalwa, moun ki prepare taks dwe bay ou yon dènye kopi dokiman sa a gratis ak lizib anvan nenpòt diskisyon konsènan sèvis preparasyon taks.

Ou gen dwa pou konnen:

- **Idantifikasyon ak kalifikasyon moun ki prepare taks la.** Moun ki prepare taks la fèt pou gen yon afich ki endike kalifikasyon enpòtan li, epitou li fèt pou konsève dosye ki pwouve kalifikasyon sa yo reyèl. Nenpòt tèm ki nan reklam tankou “espè,” “metriz,” “konsiltan,” oswa “espesyalis” fèt pou jistifye nan afich la.
- **Frè pou peye ak frè adisyonèl.** Moun ki prepare taks la fèt pou gen yon afich ki montre egzakteman fason li kalkile frè yo, ak fason li kalkile frè minimòm nan tou, si genyen.
- **Kit moun ki prepare taks la ap reprezante ou oswa p ap reprezante ou nan yon kontwòl gouvènman.** Si moun ki prepare taks la pa fè divilgasyon sa a, sa vle di li dwe aksepte pou reprezante ou la oswa pou li bay li reprezantasyon.
- **Kit moun ki prepare taks la se yon avoka (manm Bawo Eta Nouyòk) oswa yon Kontab Piblik Sètifye (CPA), gen sètifikasyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk, Biwo Pwofesyon.** Yon moun ki prepare taks fèt pou di ou si li PA yon avoka oswa yon CPA (menmsi li toujou kapab prepare taks ou). Si yon moun ki prepare taks itilize mo “kontab” nan yon reklam, yon Kontab Piblik Sètifye oswa yon Kontab Piblik fèt pou prezan pandan tout èdtan biznis la, epitou li fèt pou egzèse kontwòl sou tout ranbousman taks ki prepare nan biznis lan.

Sonje avoka yo, CPA yo, ak Ajans Anwole IRS yo pa gen pou mete afich ki dekri anwo a.

Pran Prekosyon ou ak Prè Anvan Peman Ranbousman (RAL)

- Yon Prè Anvan Peman Ranbousman (RAL) se yon prè a gwo enterè ki fèt nan yon bank. Yon RAL pa yon “ranbousman imedyat.” Li se yon prè ou fèt pou ranbouse nan labank.
- Itilizasyon yon RAL ap koute ou lajan epi l ap diminye kantite total lajan ranbousman w ap resevwa.
- Alòske bank ki fè prè a ap fè ou peye frè ak enterè, moun ki prepare taks la pa kapab ajoute sou nenpòt frè pa li oswa frè pou prepare yon aplikasyon RAL.
- Li ilegal pou yon moun ki prepare taks reprezante yon RAL kòm yon “ranbousman imedyat,” yon “ranbousman rapid,” yon “ranbousman fòmèl,” “kach rapid,” oswa yon lòt tèm sanblab ki cache reyalyte ki endike yon RAL se yon prè.
- Ou pa ka gen obligasyon pou pran yon RAL.
- Poze moun ki prepare taks ou a kesyon sou fason pou ranpli fòm taks elektwonik, depo dirèk, ak lòt chwa pou akselere peman ranbousman an epitou pou evite itilize RAL.

(Kontinye Padèyè)



Michael R. Bloomberg
Mayor

Department of Consumer Affairs

Jonathan Mintz
Commissioner

Ou gen dwa pou resevwa:

- Yon **estimasyon ekri** depans total pou tout frè ki asosye ak chak sèvis moun ki prepare taks la ofri, tankou frè pou ranpli fòm taks debaz, to enterè, ak frè pou travay sou RAL. Estimasyon an ta dwe endike konbyen tan ou ka espere tann pou jwenn ranbousman an.
- **Yon fotokopi fòm taks ou** ki prepare nan moman orjinal la ranpli sou fòm elektwonik oswa lè yo voye li pou ou pa lapòs.
- **Yon resi detaye** ki endike frè endividyèl ak fòm taks ki prepare pou ou a. Resi a fèt pou endike adrès ak nimewo telefòn kote yo kapab kontakte moun ki prepare taks la pandan tout ane a.
- **Papye orijinal ou ki retounen vin jwenn ou sou demann**, lè ou resevwa ranbousman taks orijinal la pa lapòs pou ranpli (sof moun ki prepare taks la gen pèmisyon espesyal pou konsève papye yo dapre lalwa leta).
- Chak fòm taks ki prepare sou non ou fèt **pou gen siyati moun ki prepare taks la**.

Li ilegal pou moun ki prepare taks pou:

- Mande ou pou siyen yon fòm taks vid oswa ki pa konplè, oswa pou chanje fòm taks la apre ou fin siyen li, san konsantman ou alekri.
- Fè ou peye yon frè selon kantite taks ou dwe oswa selon ranbousman w ap jwenn.
- Garanti yon kantite lajan ranbousman espesifik, oswa garanti ajans taks gouvènman an p ap vin fè kontwòl sou ou.
- Mande pou peye moun ki prepare taks la nan yon pòsyon ranbousman ou.
- Devwale nenpòt enfòmasyon pèsònèl ou ba nenpòt moun oswa biznis ki diferan ak oumenm oswa ak reprezantan ou ki gen otorizasyon.
- Fè ranbousman taks ou vin jwenn moun ki prepare taks la pa lapòs, sof si ou te yon siyen yon dwa pwokirasyon ki genyen yon otorizasyon konsa.
- Mande ou pou vyole nenpòt lwa, règ, oswa règleman gouvènman.

Si ou antre nan yon RAL, yon moun ki prepare taks fèt toudabò pou:

- Ba ou yon sèl fèy papye ki fè ou konnen nan lang Angle oswa nan lang Panyòl:
 - konbyen lajan ou espere ranbousman taks ou ap ye
 - konbyen lajan bank lan ap reklame nan frè pou RAL la
 - kantite lajan prè RAL estime w ap resevwa
 - to enterè, ki eksprime sou fòm pousantaj anyèl estime (APR) ki baze sou kantite tan w ap dwe prè a
 - dat estime ou ta ka gen pou jwenn lajan prè a si ou pran yon RAL
 - dat estime ou ta ka jwenn ranbousman ou si ou pa pan yon RAL
- Eksplike aloral enfòmasyon sou yon RAL nan yon lang ou konprann.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pote plen kont moun ki ofri sèvis preparasyon taks, rele 311 oswa ale nan sit wèb nyc.gov/consumers